ISSN 2181-

# "QANNAZAROV BAXIT BABANAZAROVICH ÓMIRI HÁM DÓRETIWSHILIGI"

*Xalniyazova Ra'no Quvonichboy qizi*
*O'zbekiston mámleketlik konservatoriyası*
*Nókis filialı Ulıwma kásiplik*
*hám social gumanitar pánler kafedrası muzıkatanıw qániygeliginiń 2-kurs studenti*
*Ilimiy basshı: Kamalova Gulmayram.*

**Annotaciya:** Bul maqalada Ózbekstan Quralllı Kúshleri quramında uzaq jıllar sadıqlıq penen xızmet etken, áskeriy orkestrdiń jumısı arqalı milliy ruwx hám kórkem ónerdi úylestirgen kóp qırlı shaxs - Qannazarov Baxit Babanazarovichtiń ómiri, kásiplik jolı hám mámleketlik sıylıqlar menen sıylıqlanǵan jumısı haqqında sóz boladı. Avtordıń muzıkaǵa balalıqtan bolǵan qızıǵıwshılıǵı, áskeriy tarawda kórsetken xızmetleri hám jas áwladtıń tárbiyasındaǵı úlesi sáwlelendirilgen. Sonday-aq, onıń shańaraqlıq qádiriyatları, perzentleri hám olardıń jámiettegi ornı arqalı Qannazarovtıń ibratlı ómiri tolıq ashıp beriledi. Maqala áskeriy xızmet, watansúyiwshilik hám kórkem ónerge bolǵan sadıqlıqtıń únles tımsalın sáwlelendiredi.

**Gilt sózler:** Áskeriy orkestr, watansúyiwshilik, Ózbekstan Quralllı Kúshleri, pidayılıq, dirijyor, xalıq, mánawiyatı, kórkem óner.

**Аннотация:** В данной статье рассказывается о жизни, карьере и государственной награде Канназарова Бахита Бабаназаровича, многогранной личности, который долгие годы верно служил в Вооруженных Силах Узбекистана, гармонично сочетая национальный дух и искусство через деятельность военного оркестра. Освещены детский интерес автора к музыке, его заслуги в военной сфере и вклад в воспитание молодого поколения. Кроме того, образцовая жизнь Канназарова полностью раскрывается через его

семейные ценности, детей и их место в обществе. Статья отражает гармоничное воплощение военной службы, патриотизма и преданности искусству.

**Ключевые слова:** Военный оркестр, патриотизм, Вооруженные Силы Узбекистана, самоотверженность, дирижер, народ, духовность, искусство.

Annotation: This article discusses the life, career path, and state awards of Bakhyt Babanazarovich Qannazarov, a multifaceted individual who served faithfully in the Armed Forces of Uzbekistan for many years, combining national spirit and art through the work of a military orchestra. The author's childhood interest in music, his service in the military sphere, and his contribution to the upbringing of the younger generation are highlighted. Furthermore, through his family values, his children, and their role in society, Qannazarov's exemplary life is fully revealed. The article reflects a harmonious embodiment of military service, patriotism, and devotion to the arts.

**Keywords:** Military orchestra, patriotism, Armed Forces of Uzbekistan, dedication, conductor, people, spirituality, art.

Qannazarov Baxıt Babanazarovich - milliy maqtanısh, Watanǵa sadıqlıq, áskeriy xızmet hám muzıkaǵa bolǵan muhabbattı birlestirgen jarqın insanlardan biri. Ol 1974-jıl 29-noyabr kúni Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Kegeyli rayonınıń, Xalqabad qalasında jumısshı shańaraǵında dúnyaǵa kelgen. Ákesi - Qannazarov Babanazar Qannazarovich 1937-jıl 10-martta Qaraqalpaqstan Respublikası Shımbay qalasında temirshi usta shańaraǵında dúnyaǵa keledi. Milleti qaraqalpaq ruwı Jaǵaltay qıpshaq. Maǵlıwmatı orta, qánigeligeligi qurılısshı. Xalqabad qalasında jaylasqan PMK-14 qurılısshılar mekemesinde RBU (remontno betona uzel) beton islep shıǵarıw bólimi baslıǵı lawazımında jumıs islegen. 2009-jıl aprel ayında qaytıs bolıp, Xalqabad qalası Shbiliy ata qoyımshılıǵına jerlengen. Anası - Abdimuratova Amangúl Abdimuratovna 1945-jıl 6-mayda Qaraqalpaqstan Respublikası Xalqabad qalasında isshiler

shańaraǵında dúnyaǵa keldi. Milleti qaraqalpaq ruwı Baymaqlı qońırat. Maǵlıwmatı orta. Usı waqıtqa shekem Xalqabad qalasında jaylasqan paxta tazalaw zavodında paxta fondı jıynawshısı lawazımında jumıs islegen. Házirde húrmet dem alısında pensiyada bolıp, Nókis qalasında jasaydı. Baxıttıń shańaraǵı úlken hám keńpeyil. Onıń jigit aǵası Qannazarov Sayıpnazar Babanazarovich 1967-jılı Qaraqalpaqstan Respublikası Kegeyli rayonında (Xalqabad) tuwılǵan. Maǵlıwmatı joqarı. Tashkent Arxitektura institutın qurılısshı qániygeligin tamamlaǵan. Nókis qalası Elektrosetke qaraslı beton islep shıǵarıw zavodı baslıǵı lawazımında jumıs islegen. Shanaraqlı 7 perzenti bar. Hám de qarındasları Qannazarova Naǵıyma Babanazarovna 1969-jıl Qaraqalpaqstan Respublikası Kegeyli rayonında (Xalqabad) tuwılǵan. Maǵlıwmatı orta-arnıwlı. Házirgi waqıtta miynet dem alısında. Turmıs qurǵan eki perzenti bar. Qannazarova Anipa Babanazarovna 1970-jılı Qaraqalpaqstan Respublikası Kegeyli rayonında (Xalqabad) tuwılǵan. Maǵlıwmatı orta-arnıwlı. Házirgi waqıtta úy biykesi. Turmıs qurǵan eki perzenti bar. Qannazarova Salima Babanazarovna 1973-jılı Qaraqalpaqstan Respublikası Kegeyli rayonında (Xalqabad) tuwılǵan. Maǵlıwmatı orta-arnıwlı. 2022-jılı qaytıs bolǵan Bir perzenti bar. Hám Qannazarova Nazira Babanazarovna 1978-jılı Qaraqalpaqstan Respublikası Kegeyli rayonında (Xalqabad) tuwılǵan. Maǵlıwmatı joqarı. Nókis mámleketlik pedagogika institutın baslawısh klass qánigeligin tamamlaǵan. Házirgi waqıtta 19-sanlı orta bilim beriw mektebi oqıtıwshısı. Turmıs qurǵan 3 perzenti bar. Olar da ata-anasınan alǵan tárbiya tiykarında jámiyette belsendi hám bárkamal turmısta jasamaqta.

Baxıt Babanazarovich dáslepki bilim alıwı 1981-jılı baslanıp, Lomonosov atındaǵı 8-sanlı ulıwma bilim beriw mektebinde baslanǵan. Jas Baxıt muzıkaǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın da júdá erte kórsete basladı. 1986-jılı Xalqad balalar muzıka mektebiniń "qashqar rubab" baǵdarın tabıslı tamamladı. Onıń dáslepki ustazı - Ziyuar Seytova bolǵan. 1991-jılı Baxit Nókis qalasındaǵı Japaq Shamuratov atındaǵı mámleketlik kórkem-óner bilim jurtına "truba" (dem alıw ásbapları) qánigeligi boyınsha oqıwǵa qabıl etildi. Sol waqıttaǵı kórkem-óner bilim jurtı direktorı Maxset aǵa Kamalov, dáslepki ustazları Yugay (klarnet), Xojakbar Bashirov (voltorna),

Maxset Kópjúrsinov (alt saksafon), Viktor Maryuxin (trombon), Allamurat Qoshımbetovtan (goboy) sabaqlar alıp baslaydı. 1992-jıl dekabr ayında Nókis qalası qorǵanıw ministrligi tárepinen áskeriy xızmetke shaqırıladı. Áskeriy xızmetin 1994-jıl may ayında tamamlap, usı jıldıń sentyabr ayınan baslap kórkem-óner bilim jurtında oqıwdı jáne dawam ettiredi. Sol jılıdıń oktyabr ayınan baslap Arqa-batıs áskeriy okrugı Nókis garnizonında áskeriy orkestr jámááti qatarına shártnama tiykarında xızmetke qabıl qılınadı. Búl jerde ol orkestr jámáátinde sazende lawazımı menen baslaydı. Shártnama tiykarında áskeriy xızmetin ótew menen birge kórkem-óner bilim jurtında oqıwdı birge dawam ettiredi. Jıllar ótip alǵan bilim hám tájiriybelerine tiykar lawazımları izbe-izlik penen kóterile baslaydı, dáslep muzıkant soń aǵa muzıkant (starshiy muzıkant), soń aǵa instruktor muzıkant (starshiy instruktor muzıkant) keyin áskeriy orkestr dirijeri lawazımına deyin kóteriledi. 1997-jılı bilim jurtın tabıslı tamamlap, shártnama tiykarında áskeriy xızmetti dawam ettirdi.

Xızmet dawamında ol bir neshe márte áskeriy ataqlarǵa miyasar boldı. Sonıń ishinde, 1996-jılı kishi serjant atagın algan bolsa, 2000-jılı serjant jáne bir qatar ataqlarǵa iye boldı. Sonday-aq, Baxit Qannazarov Ózbekstan Quralli Kúshleri qatarındaǵı kóp jıllıq xızmetleri ushın bir qatar mámleketlik sıylıqlar menen sıylıqlanǵan:

2012-jıl - Bıyıl Qannazarov Baxit Babanazarovich ushın jáne bir áhmietli jetiskenlik boldı. Ózbekstan Respublikası Quralli Kúshleriniń 20 jıllıǵı múnásibeti menen ol "Ózbekstan Respublikası Quralli Kúshlerine 20 jıl" kókirek belgisi menen sıylıqlandı. Bul sıylıq onıń watanǵa sadıqlıǵı hám xızmetke sadıqlıǵınıń tán alınıwı boldı.

2016-jılı - Mámleketimiz ǵárezsizlikke eriskenine 25 jıl tolǵan bayram aldında ol jáne bir sıylıq - "Ózbekstan Respublikası ǵárezsizligine 25 jıl" kókirek belgisi menen sıylıqlandı. Bul húrmet belgisi onıń tek ǵana áskeriy xızmet emes, al jaslar tárbiyasında da múnásip qatnasqanın tastıyıqlaydı.

2017-jıl - Quralli Kúshler dúzilgenine 25 jıl tolıwın belgilew procesinde ol "Ózbekstan Respublikası Quralli Kúshlerine 25 jıl" kókirek belgisi menen sıylıqlandı.

Onıń óz qatarlasları arasında húrmetke erisken, juwapkershilikli, bilimli áskeriy muzıkashı sıpatındaǵı jumısı jáne bir márte tán alındı.

2021-jıl - Mámleketimizde Qurallı Kúshlerdiń 30 jıllıǵın belgilew múnásibeti menen ol "Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshlerine 30 jıl" kókirek belgisi menen sıylıqlandı. Sol jılı Qorǵanıw ministrligi tárepinen oǵan "Qorǵanıw ministrligi veteranı" kókirek belgisi de berildi. Bul onıń komandadaǵı abırayın, úlken tájiriybesin hám sadıqlıǵın ayqın kórsetti.

2022-jıl - Watan xızmetindegi jetiskenlikleri hám óz wazıypasın hújdanlı orınlap kiyatırǵanı ushın Ol Qorǵanıw ministrligi tárepinen II dárejeli "Úlgili xızmetleri ushın" kókirek belgisi menen sıylıqlandı. Bul belgi juwapkershilikli xızmet jumısı ushın jáne bir jol ashtı.

2023-jıl - Jas áwladtı watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalawdaǵı belsene qatnasıwı ushın ol "Jaslardı watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalawdaǵı belsene qatnasıwı ushın" kókirek belgisi menen sıylıqlandı. Onıń jumısı tek ǵana xızmet tarawında emes, al jaslar arasında joqarı mánawiyat hám watan súyiwshilikti úgit-násiyatlawda da dawam etpekte.

2019-jıl - Húrmetli xızmet jolınıń gezektegi basqıshı baslandı. Xızmet etiwdiń belgilengen jasına jetkeni sebepli ol rezervke shıqtı. Biraq bul dem alısqa shıǵıw emes edi - ol jáne jumısın jańa basqıshta dawam ettirdi. 2020-jıl avgusttan - Xojeli rayonlıq qorǵanıw isleri bóliminde elektron maǵlıwmatlar bazasınıń baslıǵı sıpatında jumıs basladı. Zamanagóy texnologiyalardan paydalanıp, jumısında nátiyjelilikke erisiwge háreket etti. 2021-jıl oktyabrden - Qaraqalpaqstan Respublikası Qorǵanıw isleri basqarması Veteranlar keńesi baslıǵınıń orınbasarı lawazımına tayınlandı. Bul lawazımda da ol miynet súygishlik hám juwapkershilikti óziniń súrenine aylandırdı.

2022-jıl - "Úlgili xızmetleri ushın" II dárejeli belgisi;

2023-jıl - "Jaslardı watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalawdaǵı belsendiligi ushın" sıylıqlarǵa iye bolǵan. Bugungi kunge shekem Qaraqalpaqstan Respublikası qorǵanıw isleri basqarması Veteranlar keńesi baslıǵınıń orınbasarı sıpatında miynet jolın dawam ettirmekte.

Hár bir ullı insannıń ómir jolında oǵan kúsh, ilham hám súenish bolatuǵın kimse boladı. Baxıt Qannazarov shańaraqlı bolıp 1998-jılı shańaraq qurǵan. Hayalı Dosbanova Zulfu Maxsetbaevna 1979-jılı Shımbay qalasında tuwılǵan. Milleti qaraqalpaq ruwı Qándekli qońırat. Maǵlıwmatı orta-arnıwlı. Házirde Nókis qalası Arqa-batıs áskeriy okruginde jaylasqan JShJ "MIRAKER" kir juwıw kárxanası baslıǵı lawazımında jumıs isleydi. Baxıt Qannazarov úsh qız perzentı bar. Qızı Babanazarova Ayzada Baxıt qızı 1999-jıl 16-iyunda Qaraqalpaqstan Respublikası Xalqabad qalasında dúnyaǵa keldi. Nókis qalası 44-sanlı ulıwma bilim beriw mektebiniń ózbek tili klassın tamamlap, Qaraqalpaq mámleketlik universiteti ózbek tili filologiya fakultetin grand tiykarında pitkerip, házirde Nókis qalası 27-sanlı ulıwma bilim beriw mektebinde ózbek tili hám ádebiyatı páninen sabaq berip kelmekte. Turmıs qurǵan bir qızdıń anası. Babanazarova Aygúl Baxıt qızı 2001-jıl 5-oktyabrda Qaraqalpaqstan Respublikası Xalqabad qalasında dúnyaǵa keldi. Nókis qalası 36-sanlı ulıwma bilim beriw mektebiniń qaraqalpaq tili klassın tamamlap, Qaraqalpaq medicina institutı (Sanfak) sanitarno-epidemiologiya fakultetin grand tiykarında pitkerip, házirde Ámiwdárya rayonı Mańǵıt qalasındaǵı sanitarno-epidemiologiya bolnicasında sanitar-epidemiolog bolıp jumıs isleydi. Turmıs qurǵan bir qızdıń anası. Babanazarova Dámetken Baxıt qızı 2005-jıl 18-iyulda Qaraqalpaqstan Respublikası Xalqabad qalasında dúnyaǵa keldi. Nókis qalası 34-sanlı ulıwma bilim beriw mektebiniń rus tili klassın tabıslı qızıl attestat hám altın medal menen tamamlap, Qaraqalpaq mámleketlik universiteti shet tili filologiya fakultetine grand tiykarında oqıwǵa kirip, házirde usı fakultettiń 2-kurs studenti.